Соколёнок

# Лачен

4/2018
июль-август

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# Лачен

Мухlамад Хlажиев



**БагIарбакъул чIоразулъ**
**Куркьбалги хьвагIулаго,**
**Боржунеб буго гьанже**
**Лъималазухъе «Лачен».**

**Гъури, буранал рахъун,**
**Квачалдаса къачIого,**
**Маргъаби, харбал, кечIгун**
**Росабалъ рештIина гьеб.**

**Ралъдалъ маржан бихьулел**
**ЦIодорал гьелъул бераз**
**Жив-живасул хасият,**
**ГIамал загьир гьабула.**

**ГIансахIанчIил щвантIиххги**
**ГIи-кьагIазул гъадиги**
**Такрарлъила нужее**
**Кодобе гьеб босигун.**

**Гьелъулъ бецIал сардалги**
**НакIкIул цIурал къоялги**
**Къалъун рукIина даим,**
**Хириял лъимал, нужей.**

**МугIрузул чабхил иццги**
**Чваххун унел лъаралги**
**Чилчидила, кьурдила**
**Чалухаб гIанчIилъиялда.**

**«Лачен» хIасратго буго**
**Щибаб жиндир гIужалда,**
**Лъимал, нужеда квал бан**
**Къочизе, реэдизе.**

**РачIа, лъимал, гьеб хъвазе**
**Гьоркьов гIадан течIого,**
**Жив-живасе маргъугун,**
**КучIдул росун бачIине.**

# Нилъер ракь, нилъер росаби нилъер гIадамал

ГIазу бан, цIер гуреб,
ЦIад бан, хIарщ гуреб,
ЦIада гIадаб росу
Бугодай цойги?

*ЦIадаса ХIамзат*



Абула Хунзахъ тIалъи гIадинаб бакIЕвропаялдаготIокIабгъечIилан. Рорхатал мугIруз сверун ккун буго кIудияб битIараб гIатIилъи. Гьеб байбихьула МакьастIасан, лъугIула ЧIина мегIералъул ахалъиялда.

Хунзахъ тIалъиялъул бакьулъ буго ЦIадаса ХIамзатилги Расул ХIамзатовасулги ватIан букIиналъ нилъер улкаялдаги гьеб бахун къватIебихунги лъалеб ЦIада росу. Гьанибго абун тезин, ЦIада ккола магIарулазда гьоркьов тIоцеве вахъарав СССРалъул ГIелмабазул академиялъул член-корреспондент ХIажи ХIамзатовасул (ЦIадаса ХIамзатилункъабилев васасул) ватIан.

Цебе заманалдаго цIигьулдерил гIадат букIун буго, декабралда, цIвайитIаса бакъ араб мехалъ, росдада тIаде къулун чIараб кIудияб гьецIоялтIа – ХъамирхъоялтIаги Бариянил гьецIоялтIаги цIаял ракулеб. Гьелъие гIолойин яги бакъуда бадибе балагьараб бакълъиялда букIиналъищали, жидер росдада цIар «ЦIада (б)» лъун бугилан рикIкIуна цIигьулдерица.

Бицен буго ЦIада росдае тIоцебе кьучI лъурал чагIи кколила Хунзахъа Угъузилги Чудахилги тухумазул гIадамалилан. Угъузил вукIун вуго анцIго вас, Чудахил - анцIго яс. Гьезул наслуялъул чагIи кколел рагIула гьанжесел цIигьулги.

ЦIадаса ХIамзат вукIун вуго угъузилазул тухумалъул чи.

Сверухъ ругел росабазул гIадамаз цIигьулдерил хIурмат гьабулеб букIун буго, хIилла-рекIкI гьечIел, гIодоре риччарал гIадамал рукIиналъ. Росабазда, тухумазда гьоркьоб дагIба-къец ккараб мехалъ, маслихIаталъе ахIулел рукIун руго ЦIадаса чагIи. жиндир заманалда гьединав маслихIатчилъун вукIун вуго ЦIадаса ХIамзатги. ГIакълуги камилав, халкъалда гьоркьоб адаб-хIурматги бугев чи вукIиналъ, гIемераб мехалъ гьев ахIулев вукIун вуго росабазда гьоркьоб ккараб дагIба-къецалъе маслихIат гьабизе.

ЦIадаве гIемер вачIунев вукIун вуго ХъахIабросулъа МахIмуд. РагIи бегIерал, махсаро-хочI гIемерал цIигьул гьесие рокьулел рукIун руго.

Граждан рагъул заманалъ, ХIоцоса Нажмудинил бандаз ГIарани-хъала сверун ккураб мехалъ, ЦIадаса ХIамзатил нухмалъиялда гъоркь, цIигьулдерица сверун ккурал партизаназе балъго кванил нигIматал щвезарулел рукIун руго.

Цебе цIигьулдерил магIишат цIакъ къо бухIараб, мискинаб букIун буго. Гьел бетIербахъи гьабизе, Дагъистан тун, къватIирехун унел рукIун руго. Масала, маххул нухда хIалтIизе, къадахъанлъи гьабизе гьел Грозныялде, Владикавказалде, (Орджоникидзеялде) унел рукIун руго.

Гьанже ЦIадаб буго Дагъистаналъул росдалмагIишаталъул гIелмияб институталъул мисалияб магIишат.

Нужеда лъалеб батиларо, магIарухъ тIоцебе пихъил ах гьабуна араб гIасруялъул 30-абилел сonазда ЦIада росулъ. Гьелда абула Бланкил ахилан. Цинги, гьездаса мисалги босун, ахал гьаризе байбихьана цогидал росабазги.

ЦIада росулъе щолаго, бихьула ЦIадаса ХIамзатиеги ХIамзатил Расулиеги рарал памятникал. Гьелги ран руго росдал гIадамаз лъел цIолеб бекIкIун гьецIоялъул гьабураб иццалда тIад. ГьелЪие гIилла буго гьеб росулъе лъим ЦIадаса ХIамзатил жигаралдалъун бачараб букIин.

ЦIада буго ЦIадаса ХIамзатил гIумруялъул ва хъвадарухъанлъиялъул бицунеб лъикIаб музей. Гьенире щола, нилъер кIудияб ВатIаналдаса гурелги, къватIисел пачалихъаздаса рачIарал гьалбалги.





# Ролъул тIор

## МухIамад Гъазиев

Дунги кIодоэбелги
Хурире щвезе ана,
Свакарал ниж цо ссанда
ХIухьбахъизе лъалхъана.

Сверухъе валагьана,
Бихьана цо ролъул тIор:
Нилъер кIудадал гIадал
Михъал ругоан гьелъул.

# Сордо

Лъиданиги лъачIого,
Лъилго изну гьечIого,
БачIана лахI гIадинаб,
БачIана бецIаб сордо.

Тамахаб бусен тIамун,
Гьури кьижизабуна.
Гьодида кверал рахъун,
ХIанчIи сасинаруна.

ГIурччинхарил кIутIбузде
Пунхъана лълъел къатIраби,
ТIугьдузул гIанабазда
БагIараб лъуна накъищ.

Патимат Малачиева

## НУЖ МАГӀАРДЕ РАХАНИЩ?

- Лъимал, нуж тӀогьол магӀарде раханищ?
- Рахана.
- ГӀухьбузухъе цохӀониги ракканищ?
- Раккана.
- ХӀалай рахъун, гьизей кумек гьабунищ?
- Гьабуна.
- ГӀиги бечӀчӀун, хӀанил гурги рахъанищ?
- Рахъана.
- Рехъен бачун, чолонибе къотӀанищ?
- КъотӀана.
- ГӀи гӀорцӀизе харил кутак батанищ?
- Батана.
- ХӀухьбазул хинкӀ гьангун цадахъ кванапищ?
- Кванана.
- РахьдатӀе бан, тӀагӀамаб тӀехх чӀчӀикӀанищ?
- ЧӀчӀикӀана.
- ГӀияхъанас тӀилги хъван кечӀ ахӀанищ?
- АхӀана.
- ЩвантӀихх бачун, бакъпагъине малълъанищ?
- Малълъана.
- Гьелъул гьаракь нужер рекӀелъ рекъанищ?
- Рекъана.
- ЦӀад балелъул буртинадукь рахчанищ?
- Рахчана.
- Бакъ бухӀидал, хъощнир руссун рукӀанищ?
- РукӀана.
- Гьаваялда цӀумаз кьурди гьабунищ?
- Гьабуна.
- ЦӀороиццал чилулеб бакӀ бихьанищ?
- Бихьана.
- ГӀиял гьаби нужгун рекъон лъугьанищ?
- Лъугьана.
- АхӀудрахъун, хъурмал нахъе къотӀанищ?
- КъотӀана.
- МагӀардаса дие щибго босичӀищ?
- Босана.
- ГӀиял хӀанги, рахьги, гьанги битӀанищ?
- БитӀана.
- Нужее гьез сайигъатго гьабичӀищ?
- Гьабуна.
- Хасалихъе кьагӀи кьелин абичӀищ?
- Абуна.



Сабрият Мадибулаева

# Ина МагIарухъе



Дида шагьаралда
ЧIалгIунеб буго,
МагIарухъе ине
РакI тIамун буго.

КIодоца рицунел
Маргьабаздегун
МагIарул харбазде
Хиял лъун буго.

Баба, мун унгеян,
Диде ахIдани,
ТIурун дунго ине
РакIалда буго.

РекIина дун хехаб
Самолеталда,
Боржине гьабила,
Гьури кинигин.

КIодода гьеб ккела
ХъахIаб цIумилан,
ХъахIил зобалазда
ТIавап гьабулеб.

Цинги, рештIиналде
Свериги гьабун,
Росулъе ахIдела
Дун лъаларищан.

Лъимал рекерила,
КIодо ячIина,
ЧIухIараб самолет
Бугин абила.

# Нилъедаса аниги



*ХIусен ХIажиев гьавуна 1938 соналъул анлъабилеб февралалда Хунзахъ районалъул ГьоцIалъ росулъ. КIикъойилъегIагарун соналъ ХIусен хIалтIана республикаялъул магIарулазул «ХIакъикъат» газеталъул редакциялда, хъвана гIемерал макъалаби, очеркал, кучIдул, харбал, къисаби, басмаялда бахъана анцIго тIехь: «Къункърабазул кьурди», «ГIансахIанчIил бакъан», «Чаргъадил гIарз», «БагIараб щуб», «Рокьул тIегь» ва цогидалги. Хъвадарухъан ва журналист хIисабалда ХI. ХIажиевас гьабураб, баркалаялъе мустахIикъаб хIалтIи ккола «Имам ХIамзат» абураб тIехь хъвай. Гьеб магIарулазе бокьана ва гьез гьелъие лъикIаб къиматги кьуна.*

*Исана ХIусен ХIажиевас тIубалаан 80 сон. Нилъедаса аниги, ХI.ХIажиевасул асарал нилъгун руго, гьев кIочон гьечIо, гьесул махсарохочIалъул макъалаби ракIалдещвезарулел руго, гьесул гIодобиччараб гIамал-хасияталъул рехсолеб буго, гьесул кучIдул цIалулел руго.*




Гьесда тIад хьитал ретIе,
ТIаждада маргъалал рай,
Радал вахъараб мехалъ
Хъулухъ киназго гьабе.

Цояс гурде хIадуре,
ХIатIал тIарсинир чуре,
Чай кватIизе гьабуге,
Гьеб гьесий яцалъ босе;

Эбелалъ малъал къунцIе,
Къалам вацас бегIере,
ГIедегIе, мун, кIудада,
Ххай дуца асул бетIер.

ДахIабаба, балагье,
Киб бугеб асул портфель?
Тетрадалги тIахьалги
Хьибилса жанир сокIкIе...

Гьединав кIвахIач вуго
ГьитIинав вац Сулейман,
Квешаб гIамал течIони,
Тела дица гьудуллъи.

# Боржа, боржа, чIороло



Боржа, боржа, чIороло,
РукIел хисун а, мокъокъ,
Къуватал комбайнал,
КватIиларо рачIине.

Ролъул хур тIогьиллъана,
ТIорал гIодор далана,
ГIадамаз, машинабаз
БакIарила гьеб нахъе.

Нужеца рукIел хисе,
Хадур тIанчIиги ахIе,
Нижер хьонлъазде рачIа,
ЧIахIиссаназда рештIа.

АхIе хIасратал кучIдул,
Кеп босе хIинкъичIого,
Къаси-къасиги гьаниб
БукIунебин сихIкъотIи.

# ЧиякIо



КIудадада чIалгIана
ГIурччинал хIанчIазул тIел,
ТIагъурги рекъезабун
Гьабуна гьес чиякIо.

Бихъ-бихъараб хъабарча
РетIана гьес гьелда тIад,
КIал гьакIкIарал чакмаял
Лъуна гьелъул аххада.

Хъаравуллъун чIун вуго
ЧиякIо гьанже ахикь,
ГIебеде ритIун руго
Гьелъул кверал кидаго.

Амма хIанчIи хIинкъичIо,
ЧIиргъи гьезул дагьлъичIо,
Хъабчил къвалида жаниб
Гьабуна цоялъ бусен.

Гьеб цин къвалиниб уна,
КъватIибеги бачIуна,
БетIералде бахуна,
Берцинаб кечI ахIула.

Гьелъий гIилла батила,
ХIалимав кIудадаца
Гьабулаго чиякIо
Берцинаб лъугьун букIин.



# ТIутI

Гъаб тIотIол хIалихьалъи,
ХIалтIизе бокьунгутIи,
Кьер-мухъалъул сурукълъи
Унго, алда гьечIеб яхI!

ЦIорол горда рештIуна,
ЧIабаралда тирула,
Тетрадалде бахуна,
Хадуб кверадда чIола.

ХIатIида тIад лъалхъула,
Хьитазухъе баккула,
Кроваталде тIаде
ТIадагьго боржун уна...

Жамалил ццин бахъана,
Хъаравуллъи ккун чIана,
КъватIибе боржун инго
ЛъикIанха гъарималъе.

# Расул ХIамзатов гьавурасул 95 сон тIубаялде

# «Дир Дагъистан»

Цо нухалъ Шамил муридзабигун пуланаб росулъе вачIунеб мехалъ, гьеб росдал гIадамаз дандечIей гьабун буго.

- ЧIалгIун буго рагъ, ниж ракълида, паракъат те, - абун гьарун буго гьезул жамагIаталъ.

- Ле, цере дагъистаниял рукIарал чагIи, Дагъистаналъул чедги кун чияе хъулухъ гьабизехъинищ нуж ругел? Дун нужер паракъалъи хвазабизе гуро, гьеб цIунизе вачIарав вуго, - ян абун буго имамас.

- Имам, нижги дагъистаниял руго.

- Дагъистаниязул ракI буго, нужер ракI гьечIо. Дагъистан бид бецIцIулеб мехалъ гъасда рохъо хъирщулел рукIинейищ нужеда ракIалде ккараб? Кавабги рагье, рагьичIони, хвалчабаз рагьила...

Гьединан гIемераб хабар ккун буго. Хадуб хIукмуялде рачIун руго: кьвагьа-гIанхъи гьабичIого, тIадегIанав гьобол къабул гьавизе, имам росулъе виччазе. Гьелъухъ имамас тIаде босун буго гьеб росдал щивниги чи чIвачIого тезе, некIсиял такъсирал гьезда ракIалде щвезарунгутIизе.

Имам жиндирго гьоболасухъ рещтIун вуго. Жиндиего бихьизабураб рокъоб росдал гIадамазулгун хабаралда, гьел жиндего руссинаризе чанго къо бан буго.

Гьеб росулъ доб заманаялъ вукIун вуго цо кIудияв кIиго метралъул борхалъи бугев гучав хъачагъ. Гьес нухда унел-рачIунел гIадамазул боцIцIи, ретIел, къайи бахъун росабазул гIадамазе гIазаб кьолеб букIун буго. Гьес я Аллагь, я пача, я имам рикIкIунев вукIун гьечIо. Цо нухалъ росабазул гIадамал рачIун руго имамасухъе. Гьез гьарун буго:

- Гьев залимав хъачагъасдаса ниж эркен гьаре, - ян.

- Щиб дица гьесда гьабилеб?

- ЧIвай, имам, чIвай гьев чIвадарухъан. Гьев балагь вуго.

- Йохъ, дица рагIи кьун букIана гьаб росулъа щивго чи чIвангутIизе. РагIи хвезе бегьуларо.

- Имам, хвасар гьаре ниж гьесдаса, сабаб бате...

- Дун ургъилин, - абун буго имамас.

- Цо чанго къоялдасан имамасул яргъид гIуцIарал гIемерал муридаз сверунги ккун, квералги бохдулги рухьун, жанив тIамун вуго хъачагъ. Гьес гьарурал киналго такъсиразухъ тамихI гьабизе хIукму гьабун буго диваналъ. Гьеб хIукмуялда рекъон къуватав хъачагъасул берал рахъун руго. Бецлъарав жанавар тIаде кIулалги ран жанив тIамун вуго...

Гьоркьоб заман ун буго.

Цо нухалъ гьанжего-гьанже хъахIлъи лъалеб заманаялъ гьваридаб макьида кьижарав Шамил кьуру биххараб гIадаб гIассиял, гIалхулал,



рихxарал гьаркьаз ворчIизавула. КьабгIараб гIоштIоца тIатIала чIваразарун нуцIбигун гьесда тIаде вачIунев вуго мокърукь бетIер цурав цо гIуждаллъи гIадав залим: гьанже балагьила духъ, вахъа тIадейилан.

Къирщелел рукIуна гьесул цаби. Цояб хъатикь букIуна добе-гьанибе хьвагIулеб кIудияб ханжар, цояб хъатикь борхун ккун букIуна гIащтIи.

Имам, жиндирго ханжарги босун, хантIан тIаде вахъуна. Гьесул бераз ралагьулел рукIуна жиндирго хъаравулзаби. Хъачагъас гьесул бутIрул къотIун рукIуна – кIукьмаxxалъ гвердида рарал маргъалал гIадин. Росу паракъат кьижун букIуна. НуцIида цеве эхетарав хъачагъас гьеб нуцIа бахчизабун букIуна. Гьеб рагьун букIаниги, гьесдаса тIуранин рагIизе тIадегIанав имамасул намусалъги гьукъулеб букIуна. Имам, нахъе-нахъегIанги къан, гьесда тIад речIчIизе санагIатаб рахъ-мухъ бищизе, ургъизе лъугьуна. Тушманас гьаниведи кIанцIун, дова квалун, кивго гьав валагьулев вукIуна. Доба гIащтIи кьабгIун, гьаниб ханжар бан, рукъ-чIабаралда гьес квешаб къо чIезабун букIуна.

- Гьанже вачIа дир кверал рухьине, кив мун вугев, бицунев бахIарчи? – ян ахIдола хъачагъ.

- Дун гьанив вуго, - ян ахIула имамас.

ГьебсагIат гьеб бакIалда хьвагIун речIчIула гIаштIи. имам цогияб рахъалдеги кIанцIун, гьесда тIад речIчIула. Хъачагъасул Шамилиде дандеккун кутак, къуват чанго нухалъ цIикIкIараб букIуна. Гьесда гьав довехун рехула, гьанивехун тункула. Чанго ругъун гьесул черхалда лъола. Жиндирго тирилъиялъ гуревани тушманасухъа гьев ворчIиларoан...

Гьеб захIматаб, хIинкъараб рагъ кIиго къуваталъул кIиго сагIаталъниги халалъула. Ахирги хъачагъас, гьанже щванин мун дихъеян, имам ккиезеги ккун кодове восула. Гьесда ракIалда букIуна гIодовги лъун Шамилил бетIер къотIизе. Амма кодове восарав имамасе рес щола хъачагъасул кIкIвараб ботIролъ кIицIул-лъабцIул, харжар кьабгIизе. Хъачагъ гIодове далун уна. Цинги биххараб тIалу гIадин, гIодов ккола. Кодоса харжар бортула.

Гьеб кьалулъ имамасда ичIго ругъун щун батула.

Радал росдал чагIазда бидул хIоринив чIварав гъачагъги, хъачагъасда аскIов вегун лъукъ-лъукъарав имамги ратула. Гьел ругънал регъезегIан моцIалъ вегизе ккола имам. Имамасулги хъачагъасулги доб мехалъ ккараб гIадаб рагъ буго киналго гIасрабаз Дагъистаналъ къватIисел чабхъадулазулгун гьабулеб. Гьез лъукъ-лъукъун буго нилъер тIалъи. Имамасул талихI ккана хъачагъ беццав вукIин. Дагъистаналъул хъачагъал беццал гьечIо.

# Гьудуллъиялъул ахикь

## Рашид Рашидов

Догъиязул шагIирас 90 сон тIубаялде

# Эбелалъул хIакъалъулъ пикраби

Макьу тарал сардаца
Дилъ къеркьолел пикраби,
БагIараб соноялъул
МугьгIан гIемерал руго.
Амма гьезулъ цо пикру
Эбелалъул хIакъалъулъ,
Бищун рахIат хварабги
РакI хIинкъарабги буго.

Дир рекIелъ бугебщинаб
Бихьулей эбел йиго...
Эбелалъе кидаго
КучIдул хъвалев дун вуго.
Огь, гIедерго къокъунел
РахIму гьечIел сонаца
Эбел херлъизаюнги,
Якъвазаюнги йиго.

Дица нус-нус нух тана,
Гьел дида кIочонтана.
Амма цохIо нух буго
Кидаго кIочонареб:
Чан нухдасан аниги
Бердаса алхунареб
Эбелалъул рагьдухъе
Вачунеб нух буго гьеб.



Бакъ хIаллъидал цIорораб
Иццухъе къуланиги,
Эбелалъ лълъадал цIолеб
Иццул гьаракь рагIула.
Къечедал чанги цIакъаб
Лълъеца къеч буссинчIев дир,
Эбелалъул лълъел парччи
Гьекъедал, къеч буссуна.

Дида гIассилъи, ссогIлъи,
Ресукълъиги бихьана,
БитIахъе гIумру чIинтIун,
Дунго хвелин вукIаго,

Дие хIалай хъалалъун
Нахъе ятарай эбел,
Дуде щвараб бечелъи
ГьечIо гьаб ракьалда тIад.

Макьу тарал сардаца
Дилъ къеркьолел пикраби
БагIараб соноялъул
МугьгIан гIемераб буго.
Амма гьезулъ цо пикру
Эбелалъул хIакъалъулъ,
Бищун дир ракI бохараб,
Бищун гвангъараб буго.

# Ле, гьури...



Ле, гьури, гьури, гьури,
Кире дуца хъамулел
Хаслихълъиялъул хъахIал
Гьал хъанхърабазул тIелал?
Гьел хъанхъраби гIадинаб
Эбелалъул хъахIаб рас,
ХъахIилаб ралъад къотIун,
РикIкIаде хъаме, дуца.
Эбелалъухъ тIадбуссун
Ихдаллъи баче дуца,
Гьелъул гIолохъанлъигун
ГIанчIлъи бадиб кунчIизе.

Ле, гьури, гьури, гьури,
Кире дуца рехулел
Хаслихълъиялъ тIогьиллъун
БестIаллъарал гьал тIамхал?
ТIогьилал тIамхал гIадин,
Инсул пашманлъи босе
Рорхатал мугIрул регун,
РикIкIаде рехун тезе.
Къулараб гьодги битIун,
КIигъуждулъаги гIеблъун,
Доб цебего кинигин,
Эмен гIолохъанлъизе.

# Рохел сайгъат гьабе щивав чиясе

Рохел сайгъат гьабе щивав чиясе,
ХIеренаб рагIуда мун барахщуге –
Гьесда дур калима рагIулеб букIун,
Гьев дур берда цеве хьвадулев вукIун.

Радал дандчIваразе рохелгин талихI
Гьел чIаго рукIаго бокьилин абе,
Нагагь гьев хванани, бетIерги къулун,
Гьев веццун гурев мун кIалъаларелъул.

Бердаса хьваравго вокьун, хиралъун,
Гьесул ургъел, агъаз рекIелъ бугев мун,
Бадиса бадиве дандчIвалелъул, щай
ВихьичIеб ххвел гьабун аскIосан унев?

ХIалтIи гIемер буго... Амма аслияб
Инсанасе рекIел хинлъи кьей буго.
Рохел сайгъат  гьабе щивав чиясе,
Нахъе тIамун тани, кватIун ккела мун!



*Руссинаруна М.Гъайирбековалъ*

Зайирбег ГІалиханов

# ГІункІкІазул данделъи

- Ле! Дудайин, гьитІинаб гІункІкІ! ГІодоб чІа! Гъоле, ГІинкІичІида аскІоб буго дуе чІобогояб бакІ. Мунгияли, КІалбегІер, цІакъ эхетун буго! Ибрагьимил цагъур борлъизе щведал, щибго кІочон бугилан ккола дудаги! ГІинтІаме, гьеле гьедин чІа.

- ХІурмат бугел гІункІкІал! Нилъеца ракьалда рахІатаб яшав гьабула: халкъалъ хур бекьула – бачІиналдаса кеп нилъеца босула. Гьез боцІи хьихьула – гьанги тІатІиги нилъер гьарза букІуна. КІодоца щар чІвала – нисуги нахги нилъехъе щола. Бечедал рукъзабахъ чІухь бала нилъеца, чІухІарал кІалгІабахъ сверула нилъ. КІулазги гьукъуларо нилъ, къадазги кколаро нилъ.

Амма, дир хириял гІункІкІал, анкьумумулъанго нилъер гьаб рахІатаб яшавалда данде чІун батана хІал хъубаб кето. Гьеб хъурумсахъалъул хъублъиги нахъегІанлъиги лъала нилъер кІудияздаги, гьитІиназдаги, жеги эбелалъул ургьир ругел гІункІкІаздаги. Гьелъул хІиллаби нилъеда чанги рихьана, чанги рагІана. Гьанже катихъе щоларо тирияб, лебалаб гІункІкІ. КигІан щвечІоники, нилъеда кІочене бегьуларо гьеб нилъер тушман букІин. Гьелъие нилъеца кьола къадги къасиги аза-азар нагІана.

Хъанда-гІонкІкІол гьариялда рекъон, киналго тІаде рахъана. Киназго цадахъ гІункІкІазул жамагІаталъул рахъалдасан катие азарабго нагІана кьуна ва катица цереккун чІварал гІункІкІазул хІурматалда бутІрул гІодоре къулизаруна.

- ГІела, гІодор чІа.

ХІурмат бугел гІункІкІал! Катил хабарги жибго тун, гьанже нилъеца бицине буго катидасаги квешаб, гьебгицин хІинкъизабулеб жоялъул!

- Катидасаги квешаб жо букІунебищ? Гьебги хІинкъизабулеб жоя?! Гьа-гьа-гьа-гьа! – ян шуш тІибитІана гІукІкІазда гьоркьоб.

- Мун гІадаллъунищ бугеб, ХъандагІункІкІ? Кетоги хІинкъулеб жо щиб букІунеб дунялалда? – ян гьелъул бицунеб жо гьоркьоб къотІизабуна рекъаб гІонкІкІоца.

- Дун гІадаллъун гьечІо, рекъаб щинкІил! Кетуги хІинкъизабулеб жо гудур буго! БичІчІанищ дуда? БицинегІан чІа! – ян цидахана ХъандагІункІкІ.

ГІункІкІазул сас къотІана. ЦІидасан цІияб хабаралъухъ гІенеккана.

- Мунагьал чураяв кІодоинсуца бицунаан, жидер заманалда гудур букІанила цо кинабалиго тІилида кварил кІалги бухьун гьабураб цІулал хІехь. Гьелда цо-цояз къотениланги абулаанилан. Лебалаб гІонкІкІода кІолаанила, кІодоца гьелда бахараб хьонги чІикІун, ялъуни гьелда бухьараб тІатІул гороги хъамун, лъутизе. Тохаб гІонкІкІол бетІер гьелъги чІинтІулаанила.

Нахъеги бакканила, къор лъаларо, добго къотен лъаларо, хІанчІазул рукъалда релълъараб цо жо. Гьелъ гІункІкІал чІинтІулароанила, тус-

нахъ гьарулаанила, рекIеда ратизе течIого. ЧIваялде данде ккун, гьеб дагьаб санагIат букIанила. АскIоре рачIарал гIункIкIазда бокьараб жо бицине бегьулаанила, нахъе хутIаразде васиятал гьаризе щолаанила. БетIергьанчиги вачIун, гьеб рагьулеб мехалъ, цо-цоял лъутунги рорчIулаанила.

Амма дир хириял гIункIкIал, кин бугониги, тушманасул къуват къойидаса къойиде цIиккIунеб буго. Гьел нилъеда лъаларел аза-азар хIиллабазде ва макрабазде ургъулел руго, цоцалъ рекъон хIалтIулел руго. Гьеле гьезул жакъасеб гудурги цере рукIаразда релълъунаро, цIакъ цIодорго къвакула. Кквезеги гьелъ я габур ккола, ялъуни бакьулъа къаркъала ккола. РухI бахъула, бер къанщилалде.

Цин-цин, квешезего гIадин, гьелъ сунтIур ккола. РакI релъун гьимула, бер къинкIула. Гьикъулаго кIалалгун, босула меседилаб рухI. ХIисаб гьабе гьанже, гьелдаса квешаб жо щиб букIунеб дунялалда?

Гьел рагIаби абулаго, ХъандагIункIкI щакъраххана, цогидал гIункIкIазулги бадиб магIу хулана.

Цо-цо кетогицин букIуна гьелъ леледизабулеб. ГьелъухЪе зинкIкIизе бакI щвараб катил зоб-ракь гьаргьадулел гьаркьал рахъуна. Цинги гьелъ ракI гъанцIизабуледухъ мимидулаго, гудурги хадуб бехъерхъун, чанго свери бахъула. ТIадежоялъеги, «бох бекараб цIцIеде рицIигъветI бегараб» гIадин, рукъалъул бетIергьанчиги вачIун, гьес бетIерги бухула. БохгIаги бекичIого, рачIгIаги къунцIичIого, гудракьа гIункIкI борчIуларо. Аллагьас цIунагиха, дир гIункIкIал, гьелъ рачI къунцIизеги! «БекичIесда бохалъул унти лъаларебилан, цIуни-чIесда гIосол хIара бичIчIуларебилан» абула, амма рачI къунцIиялде щвараб жо дидани батичIо.



- Бох бекиялдаса рачI къунцIи захIматабиланищха дуца абулеб? — абун нахъеги ХъандагIункIкIгун дагIбадизе бокьун букIана РекъагIонкIкIое.

- ГIаштIи хвезе ноцI гIадин, бицунебщинаб жоялда данде чIечIого, талихI кьеги, буцIцIа! — ян ахIдана цогидал гIункIкIал.

РекъагIункIкI гIодоб чIана. ХъандагIонкIкIоца жиндирго кIалъай гьадин лъугIизабуна:

- Дие бокьун буго, цин нилъ чIвазе кутул тIамун, нахъеги батIи-батIиял гудразе ургъун, къойидаса къойиде къварилъулеб бугеб гьаб дунялалда щибдай гьабилебилан нужедаги дандбазе. Цосина, Аллагьас чIорого кьурал гьал нигIматалги кодоса ун, хутIиладай нилъ? Гудрал кIочон тарал, дагьалги гурхIел гьечIел балагьазда дандеги чIваладай нилъ? Валлагь, лъаларо!

Гьаниб ХъандагIонккIоца дагьаб бетIер хъасана. Гьоркьо-гьоркьоса цо-цо гIункIкIазги хъасана.

КIалъазе изну гьарана тIаса габуралда гаргасги лъугьараб, кIудияб чехьалъул цо гIонкIкIоца. Гьелда цIарги букIана Къаличехь.

- Гьайгьай, тушман кидаго тушман буго! — ян абуна пунщиялда Къаличехьалъ. — Тушман лъикIлъиялъе ургъуларо. Амма Аллагьас нилъе кьураб нигIмат кидаго тIаса инаро нилъедаса, щайгурого рахIатги хIалхьиги жакъа щвараб жо гуро нилъее. Гьеб буго умумулъанго батараб нилъер ирс. Лъица гьеб нилъехъа бахъулаян бихьизе, рачIа гажал лъадаризин!

Нилъеца хоб бухъила катие! Нилъеца тIутIун рала гудразул бутIал. Нужеде хIал ккараб мехалъ, дун чIела нужеда цебе сангарлъун. Щай къваригIараб чиясдаса хIинкъарабги къурабги гIумру! ХIинкъараб сордо-къоялдаса хIинкъи гьечIеб минут лъик!

- Дунги Къаличехьида тIад рекъола, - ян цIирцIидана ГелрачI. — Бечелъи нилъехъ буго. Гьунар-махщел нилъер буго. Нилъ кIулаца гьукъуларо, нилъ къадаца кколаро. Бокьани, ракьул гьумер мерхьуна нилъеца, бокьани, гьелъул чохьонире лъугьуна. Нилъ гIадал анкьгьунарал ракьалда тIадго гьечIеб мехалъ, хIинкъиго щиб жо кколеб. РачIа къеркьелин!»

Гьединабго гьури-муч биччана чанго гIонкIкIоцаги.

- МацIалъ щибго бицине бегьула, Къаличехьги ГелрачIги, - ян кIалъана цо гIолохъанаб гIункIкI. — Къеркьезе ккани, бечелъиги гажал регIериги гIоларо. РитIухълъи къваригIуна — гьеб нилъер гьечIо. Нилъер яшав буго, чияр захIматги кванан, чияр биги гьекъон, гьабураб. Нилъ чияда раччун руго, хадур бохдулги рехъерхъун. Цониги бихьичIо кверда пинкь бахъараб гIункIкI. Кидаго тIинкIичIо гIонкIкIол надалдаса захIматалъ гIетI. Катица чIвайги гудраца кквейги бертин буго гIункIкIазе. Чияр жо чияе течIони, гIункIкIаз кваназе буго загьруги, гьекъезе буго закъумги!

- БитIараб буго! ГIункIкIал ритIухъал гьечIо! — ян дандерижиялъ гIадин, жаваб кьуна зоб бихъун рачIаралги лъаларел, ракь хъвалхьун рачIаралги лъаларел цоги гьаркьаз.

Киналго гIункIкIал гIодоре къулун чIана. Гьездаго цадахъ ХъандагIункIкIги къулана.

Катил хвашиялъухъе рихха-хочун лъутизе ккечIелани, жеги-жеги гIункIкIал гIодоре къулухъе хутIун рукIинаан.

Мухамад Нух Хириясулаев

# САПАРАЛЪ БАХЪАНА



Радакь, хъахIлъи лъарабго,
ХIелеко ахIдарабго,
Дир рукъалъул кIалтIасан
Сапаралде ана нух.

Гъеб магъилъан сверана,
Ссанабахъан къокъана,
Цо хьондаса гIодобе
ГIурухъе бекерана.

Цебе кьуру батидал,
Кьурун аскIосан ана,
ХIатIал риччилеблъи лъан,
ЛъаралтIасан кIанцIана.
Цинги, лъар бахарабго,
Бахун ана магIарде,
БитIун ине кIвечIого,
КIичIал тIамун, къокъана.

Къалъуда бакъ бухIана,
ХIур мугъзада бетана,
Нух, гьогьоми бихьизе,
Рохьил рагIдукье ана.

Ана гьеб шагьаразде,
Щвана гьеб росабалъе,
Лъана гьелда гIумруги
ГIемерал улкабиги.

ТIолго дунялги сверун,
Рокъобе гIедегIана,
ГIагараб минаялъул
Кавудахъ бегун чIана.

# Нилъер росаби

## Гъагъалъ росдал тарихалдасан



Болъихъ районалъул Гъагъалъ росу Дагъистаналъул церегосел росабазул цояб ккола.

Гъанжеялдаса 22 соналъ цебе росдада цебе бугеб Гъалгъалакьиян абулеб борхалъиялда археологаз ракь бухъун, цIех-рехалъул хIалтIаби тIоритIана. Рухъарулезда гьенир ратана рукъзабазул хутIелал, рукъалъул къайи-матахI, щагIилги ганчIилги гьабураб цIа-рагI... батана бухIараб ролъ, пурчIина, гьеб ххунеб кверзул гьобо. Гьелъ нугIлъи гьабула цIакъ цебе заманалдаго гьениб гIадамаз, хур бекьун, бетIербахъи гьабулеб букIиналъе.

ГIалимзабаз гьенир ратарал тIагIелал нилъер гIасруялде щвелалде лъабазарго соналъ церего рукIаралльун чIезарун руго.

Минабазул хутIелаз, рукъалъул къайи-матахIалъ, хIалтIул алатаз, цIарагIалъ нилъее бицуна доб цебесеб заманалда рукIарал гIадамазул махщалил, культураялъул, рукIарахъиналъул...

Росулъги гьелда свера-хъерунги ратула церегосел хобал. Мадугьаласул басрияб мина цIигьабулаго, кьучIалдасаги гIемерго гъоркьегIан батана хоб, гьенир нартасул гIадал чIахIиял рукьбузда аскIор ратана мазгарул гьарурал кIилкIазда, курхьабазда релълъарал алатал.

# Тарихалъул тIамчал



# Хандил МухIамад – –Пушкинил таржамачи

Кутиша ккараб рагъулъ захIматго лъукъана гьидерил муридзабазул цояв. Пичч-паркъалдаса арав гьев хутIана гьалмагъзабиги Шамилихъе ун, доб жиндирго рухI кьун цIунулеб букIараб, чIунтараб минаялъув. Хадусеб къоялъ тIаде щварал гIурусаз гIажаиблъи гьабуна бидул хIоринив вугев гьидалъес жеги хIухьел цIалеб букIиналда. Ругъун камураб бакI кибго гьечIониги чIаго хутIарав гьесул къохIехьеялдаги бахIарчилъиялдаги бахиллъана солдатал. Гьез тохтирги ахIун, кIвараб кумек гьабуна Гьидалъа бахIарчиясе. Гьединаб ахIвал-хIалалда гIурусазухъе асирлъуде ккарав магIарулав вукIана ТIидиб росулъа Хандил МухIамад.

МухIамадил гIолохъанлъи ана цин мадрасазда цIалдолаго, цинги Шамилил бодулъеги лъугьун, эркенлъиялъе гIоло гIумруялда барахщичIого, бер къачIого къеркьолаго. ЛъикIаб гIелмуги гIумруялъул хIалбихьиги щварал гIолилав вукIана гьев. ГIемерал рагъазулъ лъадарун къвакIун букIана МухIамадил черхги чарамулаб рухIги. Гьединлъидалго батила Кутишалир щварал ругъналги хекко регьарал. Дол къоязда Хандиевас хIукму къотIана хIакъикъияб хвалдаса жив хвасар гьавурал гIурусазда данде вахъинчIого, гьелгун рекъон гIумру тIамизе. Гьелдаса хадув тIидисев ккана доб мехалда гIурусазул кверщаликь букIараб Жунгут росулъе. КватIичIого эркенго гIараб мацIги лъалев, гIелмуги кодосев МухIамад тIамуна гьеб росдал дибирлъун.

ГIелму-лъаялъухъ гIащикъав, МухIамадица хIалбихьана гIурус мацI лъазабизе. Жунгуталда рукIарал офицеразухъа гьесухъе щвана гIурус мацIалъул словарьги цоги хIажатал тIахьалги. ТIадчIун цIалдолев Хандиев хекко хадув гъуна гьеб бечедаб мацIалъул балъголъабазда. Гьес гIурус мацI бицунеб мехалъ жидерго гIундузда божуларого хаган хутIулел рукIана гIемер соназ Дагъистаналда хъулухъ гьабуниги кIиго-лъабго рагIи нилъер мацIалъ бицине ругьунлъичIел солдаталги офицералги. 1854 соналъ Хандиев вачуна Новочеркасск шагьаралда рагьараб Бакъбаккул рахъалъул мацIал малъулеб факультеталде хIалтIизе. Гьес студентазе кьолел рукIуна авар мацIалъул дарсал. Гьенив хIалтIулаго МухIамадица гIуцIула авар мацIалъул азбука ва хрестоматия.

Щуго соналъ Новочеркасскиялдаги хIалтIун, 1859 соналъ МухIамад Дагъистаналде нахъ вуссана. Гьеб букIана имам Шамил асирлъуде араб заман.

Гъунив рештIарав генерал А.Барятинский вохун вукIана Кавказалъул рагъул ахиралда тIанкI лъезе щвеялдаса. Гьес дол къояз гIолел-гIоларел рахъазул суалалги рорхун, пикру дандбазе къабул гьарулел рукIана жамгIиял вакилзаби. Гьидерицаги ритIана Гъунире жидерго вакилзаби. ГIурус солдатасул лъабокIонаб тIагъурги лъун, гIурус хвалченги борчун гьеб къокъаялда гьоркьов вукIана Хандиев МухIамадги. Бицен буго Барятинскияс Хандиевасе сайгъатал кьеялъулги.

Гьелдаса хадувги Хандиев Новочеркасскиялде тIад вуссана ва жиндирго хъулухъ тIубазабизе лъугьана.

Новочеркасскиялда хIалтIулаго МухIамадица авар мацIалде руссинаруна А.С.Пушкинил асарал. Гьездаго гьоркьоб буго «ЧугIихъанасулги ччугIилги хIакъалъулъ маргьу».

ГIурусазул машгьурав гIалимчи П.К.Усларица хъвалеб буго захIматго унтарав Хандиевас хвалда цебе тIадчIун франг мацI лъазабулеб букIанилан. Къокъаб заманалда гьеб лъазабиялъулъ лъикIал хIасилалги кколел рукIанилан.

Новочеркасскиялде нахъвуссарав МухIамад, Усларица абухъе захIматго унтана ва I86I соналъ гIумруялдаса ватIалъана. I8I8 соналъ гьаврав Хандиевасул холеб мехалда букIун буго гIицIго 43 сон.



Зугьра Акимова

# Эбелалде



Дир гIагарай эбел, сабурай эбел,
Дуца дие гIумру сайгъат гьабуна.
Сабру берцинай мун дие сардилъги
Свин гьечIеб канлъул чIор кинигин йиго.

ТIубараб мехелалъ макьу щвечIого,
Дуца дир, хирияй, кIикIана кини,
Киниялде къулун къойилго гIадин,
Бачана дие ахх, кьижа, меседин.

Ана хIанчIи гIадин дир сонал роржун,
РикIкIада хутIана гIанчIаб лъимерлъи…
Гьанже лъималазул лъималаз буго
Эбел, дур къваридаб рукъ гвангъизабун.

Берзул канлъийилан кодое ячун,
Яги киниялда егизе гьаюн,
Дун гьитIинаб мехалъ ахIараб гIадин,
АхIе, эбел, дие талихIалъул кечI.

Циндаго сасиналъ гьабуна ханлъи,
Хадуб унтиледухъ зигардана ракI.
Ва дида бичIчIана мун камиялъ дилъ
Ккезе гьабун тараб гьаб хиса-баси.

Кин гьанже мун йигей, гIазизай эбелш!
АхIи балеб буго – гьечIо дур жаваб.
Жаваб гьечIеб мехалъ сардилъ накIкI гIадин,
ГIодизе хIадурго рукIуна берал.

*Буссинабуна Наби ГIисаевас*

# „Лаченалъул аптека“

## МичIчI



Нилъер умумузго гьарулан мичIчIихинкIал, чурпа ва цогидалги тIагIамал квенал. Кваниеׄ гуребги мичIчI хIалтIизабулаан гIемерал унтабазде данде дарудаеги. Цебего лъалаан риидал хинаб мехалъ цIигьан мичIчIилъ лъуни, гьеб гIемераб заманалъ махI бахъинчIого цIунизе кIолеблъи. Гьединго лъалаан мичIчIица бичваххи къотIизабулеблъи ва гьеб хIатIизабулаан магIарзухъан яги кIалдисан би чваххулеб бугони, тулеб жоялда гъорлъ.

МичIчIил бахъараб лъим хIалтIизабулеб бугони, ругъун бугеб яги бухIараб бакI хехго лъикIлъизабула.

МичIчI хIалтIизабизе лъикIаб буго кванирукъалъул яги бакьазул унтаби ругони. Гьелъ квен бокьизабула ва гьеб бихIинабиялъе кумек гьабула, тIулал хIалтIи лъикIлъизабула. МичIчIида гъорлъ руго гIемерал витаминал. Гьеб хIалтIизабизе лъикIаб буго цудунаб ихдал, цойгидал хурдул ва пихъал рижилалде. Витаминал гурелги мичIчIида гъорлъ руго нилъер черхалъе къваригIунел магIданиял цIамалги. МичIчIил расалда гъорлъ букIуна муравьиная кислота, гьебги ккола ревматизмалъе ва рищалаби унтаразе дару. МичIчIалда гъорлъ бугеб витаминалъ квербакъи гьабула тIулалълъ би бетизабизе. Гьединлъидал, мичIчIил бахъараб лъим I0 гр. 200 мл.гр. гьалараб лъелъ жубан къода жаниб лъабго нухалъ цо-цо гъуд гьекъезе лъикIаб буго кванирукъалъул, гьуърузул яги ургьисалабазул бичваххи къотIизабизе.

МичIчIалъ квербакъи гьабула би гIемерлъизабизеги. МичIчI хIалтIизабула цIа-кан бугони, квачан гьар-гьар щун бугониги. Гьеб мурадалда, гIолохъанаб мичIчIил кьалбал ражигун цадахъ тIаде гIаракъи яги спиртги тIун тола анлъго-анкьго къоялъ. Гьеб лъамалъи мугъзада яги каранда бахун, лъулъала. Щекъер, цаби унтараб мехалъ мичIчIил бахъараб лъеца кIал ххулизе лъикIаб буго. Халатбахъараб хIалцен бугони, гьекъола мичIчIил кьалбал чакаралъулъ лъелълъ гьалдезеги гьарун. МичIчIил тIогьол лъамалъи гьекъола ургьисалабазда чIинхал лъугьунчIого рукIине. Гьебго лъамалъи хIалтIизабула халатбахъарал, тIомол унтабазда дандеги. МичIчI хIалтIизабула цогидал ххурдулгун цадахъ рас хIуличIого букIине, гьеб къвакIизабизе.

МичIчI бакIаризе ккола тIегьалеб мехалъ – июнь-август моцIазда. Бакъвазабула чердакалда яги рагьида, тIад бакъ речIчIулареб, рагIад бугеб, цIияб гьава чIвалеб бакIалда. Бакъван хадуб гьеб цIунизе ккола ххамил къандалъоялда жаниб. Гьеб пайда гIемераб ва даруяб хер гьарзаго бижула беэнаб бакIалда.

*Гь.ТIалхIатов,*
*Б. ТIалхIатова*

# Халкъияб творчество

- Мун доб кIкIалахъ вукIанищ?
- ВукIана.
- Доба бацI дандчIварабищ?
- ДандчIвана.
- Дуда тIаде бачIанищ?
- БачIана.
- Долъукьа мун хIинкъанищ?
- ХIинкъичIо.
- Лъутунищха ворчIарав?
- ВорчIичIо.
- Кинха мун хвасарлъарав?
- Вагъунха.
- Дуе щибго лъугьанищ?
- ЛъугьинчIо.
- Гьелъ дуда хIанчIарабищ?
- ХIанчIичIо.
- Бице, кинал бергьарал?
- Гьайгьай, дун!
- Батани, вахъа цеве!
- Щибизе?
- Дида данде вагъизе!
- КIва-ри-чIо...

# Гъу-гъу-гъу

- Микки, бице киб букIараб?
- КIалгIаялда букIана дун,
Гъу-гъу-гъу.
Бокьун букIана дун кквезе,
Гъу-гъу-гъу,
Хадуб хъвезе ва хIулизе,
Гъу-гъу-гъу,
Бокьун букIана ханасе,
Гъу-гъу-гъу,
Хьагинибе ккезабизе,
Гъу-гъу-гъу,
Цинги, ахIун лъадигун, дун,
Гъу-гъу-гъу,
Хьагиниса къватIиб бахъун,
Гъу-гъу-гъу,
ТIаде цIам щван, цебе босун,
Гъу-гъу-гъу,
КIиязго цадахъ кванaзе.
Гъу-гъу-гъу,
Ханасе бокьун букIана,
Гъу-гъу-гъу,
Дун боржана, кквезе чIечIо,
Гъу-гъу-гъу.



# КРОССВОРД



1.КIалъалаго .. берцин.
2.Гьимулаго .. берцин.
3.Бох кIичIвалаго сукIулеб лага.
4.Цояб бералъе цогияб бокьичIого, гьоркьоб бижараб.
5.Надалда рекъараб.
6.Щекъер бакъвадал, дандрекIуна.
7.Ракьандаса бохалдаги хьолбол ахалъиялдаги гьоркьоб бугеб ракьа.
8.Гъежгун цадахъ багъарулеб, мугъзадасан байбихьулеб.
9.Накалдаги хIатIищанкIлидаги гьоркьоб бакI.
10.КIичIвараб гъажалзул тIогь.
11.ГIинда цебесеб рахъ.
12.БетIер тIад баччараб ччорбазул хIуби.
13.Гъудуласухъе рагьун бегьулеб,
14.Тушманасда дандекъан бихьулеб.
15.Ца кквезе къваригIуна.


















# АхIмад ХIамзатов

# БицанкIаби

* * *

Вакъарасе рекъараб
Бакъан жинца бачунеб,
Богорукъалъул тIагIел,
ТIахьди батIа гьабулеб.



* * *

Канлъи загIиплъаразе
ЗахIмалъула цIализе,
ЦIакъаб алат щиб кколеб
Кумек гьезий гьабулеб?



* * *

Цин гIадамал гьудуллъизе
ГьоцIо жиндир бачIунеб жо,
Цинги гьоркьоб питна бекьун,
Кьалде цIалеб загьруяб жо?



* * *

Билълъанхъулеб хъощги гьаб,
Гьури кколеб рукъги гьаб,
Роччаде чадирги гьаб,
Чваххун цIцIадай дугъги гьаб?





Соколёнок

ISSN№0203 - 3682

# Лачен

4/2018

июль–август

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство печати и информации РД.

Регистрационный номер
ПИ №ТУ05-00348 от 01.12.2016г.
выданный управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
Мурад Ахмедов

**Редколлегия:**
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
Т. ЗУРГАЛОВА **(ответ. секретарь)**
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталибов

Формат 60x84 $^{1}/_{8}$.
Уч. изд. л. 3,16.
Уч. печ. лист 3,26.
Бумага офсетная.

Выход в свет 15.08.2018 г.
Тираж 830 экз.
Заказ № 225.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.